Пролетару дувей псом тетхэ, фызэгухьэхэ!

ЧЕРКЕС

ПЛЪЫЖЬ

ВКП(б)-м и Черкесскэ обкомым, гуащIэрыпсэухэм я депутатхэм я Облсоветым, горкомым и оргэщ

№ 104 (2331) | Щэбэт, сентябрым и 9-м 1944 гъ. | И уас. кI. 20

Краснэ Армия лIыхъужьыр ехъулIэныгъэ хэлъу ипэкIэ кIуатэкIэрэ, дыгъуасэ къищтащ мыхьэнэшхуэ зиIэ Болгариям и кхъухь увыIэпIэ ВАРНА. Ди дзэ лIыхъужьхэм мыкIуэдыжыну щытхъу!

ОКТЯБРЬ МАХУЭШХУЭМ ИПЭ ИХУЭУ СОЦИАЛИСТИЧЕСКЭ ЗЭХЬЭЗЭХУЭНЫГЪЭМ ЗЕГЪЭУБГЪУН

Великэ Октябрьскэ Социалистическэ революция махуэшхуэр къэгъунэгъур. Мы махуэшхуэм мы гъэм псом хуэлъэгуфIэгъуэшхуэкIэ пылъыкIыпIэ дин къэралым и гуащIэрыпсэухэр Краснэ Армиям и IофышIэ текIуэныгъэшхуэ къызэщIихуэм ипэ ихуэу зызыубгъуэ социалистическэ зэхьэзэхуэныгъэм хохьэхэр.

Октябрым ипэ ихуэу зызубгъу социалистическэ зэхьэзэхуэныгъэм зырагъэубгъукIэрэ Черкесск городым и предприятие куэдхэм август мазэм и планыр ехъулIэныгъэ хэлъу ягъэзэщIахэщ. Сентябрь мазэми, август мазэм зэрылэжьахэм хуэдэ лэжьэнхэу обязательствэ къащтахэщ.

Областым и колхозхэр мы зэхьэзэхуэныгъэм хыхьэхэкIэрэ, обязательствэу ящтэн хуейщ Октябрьскэ Социалистическэ революциям и махуэм ирихьэлIу илъэс лэжьыгъэхэр яухыну, къэралым ират тын хуейуэ ятелъ гъавэхэр къанэ щымыIэу ягъэзэщIэну, щIымахуэм фIыуэ зыхуагъэхьазырынхэу. Псом хуэмыдэжу иджы ныIэ хуабжь зытегъэтын хуейр госпоставкэр гъэзэщIэныгъэмрэ бжыхьэ вэн сэным фIагъыр хэлъу егъэкIуэкIыныгъэмрэщ,

Ар нэхъ подаркэфIщ Октябрь махуэшхуэм дежкIэ.

Зедгъэубгъунщ Октябрьскэ Социалистическэ революциям и махуэшхуэ къэгъунэгъум ирихьэлIу социалистическэ зэхьэзэхуэныгъэм. Дэтхэнэ колхозрикI, предприятэрикI социалистическэ зэхьэзэхуэныгъэм хэмыхьэу къыремыкIэ.

Финскэ правительственнэ делегацияр Москва къэкIуащ

Советскэ Союзымрэ Финляндиямрэ мамырыгъэмкIэ зэпхыныным щхьэкIэ Москва къэкIуащ финскэ правительственнэ делегацияр: министерствэ я советым и председатель Г. А. Хексель—делегациям и председательщ, экономикIэ министр, инфантерием и генерал Р. Вальден, генеральнэ штабым и начальник, генерал-лейтенант А. Хейнрикс, генерал-лейтенант О. Эниель хъухэу.

Делегациям ягъусу къэкIуахэщ экспертхэу: г.г. П. Хюннинен, В. Гренблюм, Э. Кастрен икIи секретархэрикI.

Московскэ аэродромым дежи делегацияр къырагъэблагъэхэщ СССР-м и Хамэ Къэрал IуэхумкIэ Народ Комиссарым и заместитель В. Г. Деканозоврэ СССР-м и НКИД-м и нэгъуэщI представительхэмрэ, СССР-м оборонэмкIэ Наркоматым и цIыкIэ Хамэ къэрал IуэхухэмкIэ Отделым и начальник генерал-майор В. Н. Евстигнеев.

Нартыху бэгъуа къырахьэлIэжынущ

Нартыху бэгъуа къагъэкIащ „Красный Жьакуэ" колхозым щыщ звеньевой Мамхяговрэ Бековрэ. Щэ нартыхур мащIэщ мыбыхэм. Абхуэдэ егугъуу лэжьэныгъэм и пIэр кIуэдакIым. Нартыхур къэзыгъащIэ щымыIэу бэгъуащ.

Мамхяговрэ Баковрэ я нормэхэр зэхъэзэхуэхау, норм проценти 120, проценти 130 ягъэзащIэхэу мэлажьэхэр.

Нартыхум ухэплъэмэ нарылъагъущ мы звенохэм трудоденкIэ къалэжьам нэмыщIу гъавэ къызэрахьынухэр.

Псом хуэмыдэжу нартыхум кIэлъыплъыныгъэмкIэ нэхъ щапхъэфIхэр къагъэлъагъуэхэу лэжьахэщ колхозхэт Л. Шибзуховэ, Б. Соновэ сымэ, я нормэхэм куэдкIэ щIигъуу ягъэзащIэхэкIэрэ.

И. Киндеев

СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫБГЪЭДЭКIЫУ

Сентябрым и 7-м и оперативнэ сводкэ

Сентябрым и 7-р екIуэкIыхункIэ ЛОМЖА городым и ищIэ-къухьэпIэIуэкIэ ди дзэхэм зауэкIэ къащтащ къуажэ заул, абыхэм ящыщхэщ ТАРНОВО, ВЛОСТЯНСКИ, РОЗВОРЫ, ПИШТУЛЫ, ОЛДАКИ, ВОГИЦЕХОВИЦЕ.

Румыниям ди дзэхэр ипэкIэ кIуатэхэкIэрэ къащтащ городхэу РЫМНИКУ, ВЫЛЧА, ДРЭГЭШАНИ, КОРОБИЯ, ТУРНУ, МЭГУРЕЛЕ. Сентябрым и 6-м и кIуэцIкIэ 2-рей УКРАИНСКЭ фронтым и дзэхэм плену къащтащ немецкэ солдатхэу, офицерхэу мини 3. Аргуэру къата бжыгъэхэм къызэрагъэлъагъуэхэмкIэ, БАКЭУ районым деж 2-рей УКРАИНСКЭ фронтым и дзэхэм сентябрым и 3-м плен къащIахэм яхэтхэщ, тыл IуэхумкIэ 6-рей немецкэ армиям и командирым и заместитель генерал лейтенант БУРКХАРДТ, 376-рей пехотнэ дывизым и командир генерал-лейтенант ШВАРЦ, КИШЕНЕВ городым и коминданту щыта генерал-майор Фон-ДЕВИТЦ.

Фронтым и адрей участкэхэм—разведчикхэр мэплъакIуэхэр икIи щIыпIэ мыхьэнэ иIэу зауэ шокIуэкIыр.

Сентябрым и 6-р екIуэкIыхункIэ фронтым и участкэ псом дежикI ди дзэхэм зэтыракъутащ немецкэ танк 30. Хьэуэм щеIуэкIа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафIэмрэ бийм и самолет 17 къыраудыхащ.

Сентябрым и 8-м и оперативнэ сводкэ

Сентябрым и 8-р екIуэкIыхункIэ ЛОМЖА городым и ищIэ-къухьэпIэIуэкIэ ди дзэхэм зауэ ирагъэкIуэкIащ я позицияхэр нэхъыфI ящIыным щхьэкIэ икIи бийр къуажэ зауным дахуащ.

Румыниям ди дзэхэр ипэкIэ кIуэтахэщ. Румынскэ дзэхэм ягъусу город Сибиу къащтащ икIи нэгъуэщI къуажи 100-м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ къуажэшхуэхэу ПЕРИШАНИ, БОГДАНЕШТЫ, СЛАВИЦЕШТИ, КОШОВЕНИ—ДЕ—ЖОСЛЕУ, ДИОШТИ.

Къатыжа бжыгъэхэм къызэрагъэлъагъуэхэмкIэ, 2 рей Украинскэ фронтым плен къащIахэм къахэкIыжащ нефть къызщIах район ПЛОЕШТИ и коменданту щыта немецкэ генерал-майор БРАНТ АРТУР, ПЛОЕШТИ районым и ПВО немецкэ бригадэм и командир генерал-майор ТЕШНЕР.

Сентябрым и 8-м ди дзэхэм зэпаупщIащ ДЖУРДЖУ, МАНГАЛИЯ участкэм деж румыно-болгарскэ границэр икIи ипэкIэ кIуэтахэщ километрэ 30-м къыщыщIэдзауэ километрэ 65-м нэсыхункIэ. къащтащ городхэу РУСЕ (РУЩУК), ТУРТУКАЙ, СИЛИСТРА, ДОБРИЧ, тенджыз фIыщэм деж город икIи кхъухь увыIэпIэ ВАРНА, къуажэшхуэхэу САРСЮНАР, КАРАВЕЛИКОЙ, АЛФАТАР, ТАПОЛ, КОЧУМАР, ЧАМУРЛИЯ, БАЛАДЖА. Болгарскэ дзэхэр ди дзэхэм къыпэныкъуэкъуахэкъым.

Фронтым и адрей участкэхэм зэхъуэкIыныгъэ щIагъуэ къыщыхъуакъым. Разведчикхэр плъэкIуахэщ.

Сентябрым и 7-р екIуэкIыхункIэ ди дзэхэм фронт псом дежикI зэтыракъутахэщ немецкэ танк 13. Хьэуэм щеIуэкIа зауэмрэ зенитнэ артиллериямрэ бийм и самолети 9 къыраудыхащ.

ЧЕРКЕССКЭ МТС-м КЪЕПХА КОЛХОЗХЭМ БЖЫХЬЭ ВЭНСЭНЫР ЗЭРЫРАГЪЭКIУЭКIЫМКIЭ

ВКП(б)-м и Черкесскэ обкомым и бюром сентябрым и 6-м 1944 гъэм ищIа постановление

Черкесскэ МТС-м къепха колхозхэм бжыхьэ вэн сэным щыщIэдза махуэхэм деж, щыщIагъэшхуэхэр кIыщыщIагъэщащ. Венымрэ пхъынымрэкIэ тракторхэмкI, екIу къарухэмкI сентябрым и япэрей пятидневкэм и графикыр ягъэзэщIакъым. Тракторхэр мащIэрэ щытхэу къэхъукъым къутэныгъэм кIыхьэкI къудейкIэ, атIэ куэдрэ щыщыт щыIэщ явэну щIыгухэр хьэзыр зэрамыщIам щхьэкIэ. Агрономхэр кIэлъыплъ зэныту щытхъум вагъэр зэравэмрэ жылэр зэрытырапхъэмрэ.

Колхозхэм я нэхъыбапIэм ягъэзащIэхэкъым жылапхъэр яшэчурэ хуаутIыпщыныгъэмкIэ ВКП(б)-м и Крайкомым и бюром ищIа решениер.

ВКП(б)м и обкомым и бюром постановление ещIыр:

1. Черкесскэ МТС-м и директор тов. Кузьминов и пщэм илъхьэн зы жэщ-махуэкIэ къызэригъэпэщыну къэзыкIухь мастерскойхэр трактори бригадэхэм зыхуэныкъуэну дыIэпыкъуэгъур иратыным щхьэкIэ, пятидневкэ къэсыхункIэ хуагъэува графикыр псалъэ хэмылъу зэрагъэзэщIэнум хуэду.

2. Екъу къарухэмкIэ вэным и графикыр зэримыгъэзэщIам щхьэкIэ икIи жэмхэр вэным кIэ къэгъэсэбэпыныгъэм пщIэ хуимыщIу зэрыщытым щхьэкIэ „Красный партизан" колхозым и председатель т. Хваловский выговор етын.

Тов. Хваловский гурыгъэIуэн, махунтI пIалъэкIэ екъу къарухэм жэмхэрикI хэтыжу псалъэ хэмылъу графикыр ягъэзэщIэныгъэр къызэримыгъэпэщмэ, судым иратыну.

3. ВКП(б)-м и Черкесскэ райкомым, райзом я пщэ илъхьэн пIа ъэ имыIэу щIалъыкIыну я графикыр колхозхэм зэрагъэзащIэхэр икIи сыт хуэдэ амалрикI зэрахьэнхэу дэтхэнэ колхозмикI графикыр игъэзэщIэныгъэр къызэгъэпэща хъунымкIэ щхьэкIэ.

4. Колхозхэм я председательхэм къалэн яхуэщIын:

а) бжыхьэсэ лэжьыгъэхэ зытырасэну щIыгъум хьэуазэхэмрэ удзыжьхэмрэ тырагъэкъабзыкIыну. Колхозхэм я председательхэм ягуры гъэIуэн, щIыгур мыхьэныру тракторхэр щышыт къэхъумэ, колхозхэм я руководительхэр хуэфэщэну хьэкъым IуагъэщIэну;

б) полеводческэ бригадэхэм мышэчауэ жылапхъэ нрамыту гъэувын, тырапхэну хуейыэ хуагъэува нормэр гъэзэщIэн;

в) махуэ къэсыхункIэ полеводческэ бригадэхэм къаIыхын актIэ япхъа щIыгур зыхуэдизыр.

5. Облзом и зав. т. Королев. райзохэм я заведующхэм япщэ илъхьэн агрономхэр псорикI колхозхэм ягъэкIуэнхэу зэравэм и фIагъымрэ зэранхъым и фIагъымрэ кIэлъыплъзыпыту щытынымрэ икIи колхозхэм дыIэпыкъуэгъу яхуэхъунымрэ щхьэкIэ.

ВКП(б)-м и Черкесскэ обкомым и секретарь
П. ДЗ. РАГАЗОВ.

Болгариям и Іуэхухэр

Сентябрым и 5-м Советскэ Союзым зэпитхъащ Болгариям щытыкІэу хуиІахэр. икІи зауэ СССР-м Болгариям ирищІылІащ. Советскэ Правительствэм абхуэдэ решение, къыщІищтар, Германиям и зауэ Іуэху зэІыхьауэ щытым Болгариям лІэкІынытъуэ псорикІ ириту щыт гэтмикІ Германияр хыфІимыдзэу ипэкІэ иригъэкІуэкІыу щыта политикэр ирикІуэкІыу, Германиям щыгъэкІуэкІыу, немецхэр БолтыкІэфІ хуиІэу, гариям и щІым щигъэпщкІуу икІи союзникхэм щІэуэ къайзэуэнигъэмкІэ плацдармэ ириту зэрыщытаращ.

Советскэ нотэр къытырадза нэужь болгарскэ правительствэм и представительхэу Болгариям и хамэ къэрал ІуэхухэмкІэ министерствэм и генеральнэ секретарь г. Саратоврэ мы министерствэм и политическэ департаментым и директор г. Алтыноврэ сентябрым и 6 м жэщым кІуахэщ советскэм и лІыкІуэ София щыІэ Д. Г. Яковлев деж болгарскэ правительствэм и цІэкІэ икІи елъэІуахэщ Советскэ Правительствэм хъыбар иригъэщІэну Болгараям Германиям щытыкІэ лъэпкъ зэрахуимыІэжыр икІи Болгарскэ правительствэр зэзэгъынигъэм щэлъэІуу,

Абхуэдэ пэждыду заявление щІынигъэм емыплъу, Болгарскэ правительствэм сентябрым и 6-м жиІа къудейщ ар Советскэ Правительствэм зэрелъэІур зэзэгъынигъэмкІэ, Германиям щытыкІэ лъэпкъ зэрыхуимыІэжымкІэ зырикІ жиІакъым. АбыкІэрэ къыщІэгъэща хъуащ зэрызэщхьэщыкІыр Болгарскэ правительствэм Советскэ лІыкІуэм жыриІа заявлениемрэ Болгарскэ правительствэм псоми зэхахыу ищІа заявлениемрэ. А зэщхьэщыкІынигъэм Советскэ Правительствэм гурыщхъуэ хуригъэщІу хуежьащ Болгарскэ правительствэм и позициям. Абы щхьэкІэ Советскэ Правительствэм щІидзакъым Болгарскэ правительствэм зыщІэлъэІуа Іуэхум хэплъэну. Сентябрым и 7 къудемщ Болгарскэ правительствэм щы жиІар Германиям щытыкІэ лъэпкъ хуимыІэжу. Сентябрым и 8-м Болгариям зауэ ирищІылІащ Германиям мы сыхьэтым Советскэ Правительствэм игъуэу къилъытащ Болгарскэ правительствэр зыщІэлъэІуам хэплъэну мамырыгъэмкІэ зэпсэлъэнигъэмкІэ.

СССР-М И НАРКОМИНДЕЛЫМИ ИНФОРМБЮРО.

Венгриям Румыниям зауэ ирищІылІащ

ЖЕНЕВА, сентябрым и 7-м (ТАСС). Мыбдежым къащыІэрыхьа хъыбархэмкІэ, Будапешт пэж дыду къыщытырадзащ Венгерскэ правительствэм и сообщение венгриям пэж дыду Румыниям зауэ ирищІылІауэ. Сообщением итхащ венгерскэ правительствэм имыду Трансильваниям и ищхъэрэ Іыхьэм щыщ Румыниям иубыдынкІэ хуитуэ.

Румынскэ дзэхэм, жеІэр сообщением, Трансильвания ищхъэрэм и границэр зэпаупщІауэ зэрыщытым щхьэкІэ, венгерскэ командованием приказ венгерскэ армияхэм ярытащ румынскэ дзэхэм язэуэнхэу.

Лондонрэ Южнэ Англиямрэ эвакуацияр щагъэтыжащ

ЛОНДОН, сентябрым, и 8 м. (ТАСС). Пэж дыду къытырадзащ, английскэ правительствэм щигъэтыжауэ Лондон Инымрэ Южнэ Англиямрэ эвакуацияр егъэкІуэкІынигъэр. Английскэ правительствэм ищІа заявлением къыщегъэлъагъуэр самолет—снарядхэр шынагъуэу щымытыжу.

Союзникхэм я дзэхэм Седан къащтащ

ЛОНДОН, сентябрым и 8-м. (ТАСС). Рейтер агентствэм и корреспондентым къызэритымкІэ союзникхэм я дзэхэм къащтащ Седан.

Городской комсомольскэ активыр йоджэхэр

ВЛКСМ-м и горкомым къызэригъэпэщащ городской комсомольскэ активхэм я школ, мэрем махуэ къэсыхункІэ къызэхосхэр еджэнхэу. Комсомольскэ активыр йоджэхэр большевистскэ партиям, комсомолым я историям. Абы нэмыщІу лекция къаходжэхэр общеполитическэ темахэмкІэ. Занятием къокІуалІэхэр нэрыбгэ 30—35—комсомольскэ организациехэм я секретархэу, пионервожатэхэу.

Школыр мазитІ хъуащи мэлажьэр. ИджырикІ мазиплІкІэ еджэнухэщ.

Лекторхэу къырашэлІахэщ областной, городской партийнэ комсомольскэ активыр.

Сентябрым и 6-м ирихьэлІу Черкесскэ областым и колхозхэм я кІуцІкІэ щхьэмыж зыпыт лэжьыгъэхэр Іуэнигъэр зэрекІуэкІымкІэ

СВОДКЭ

(Планым и процентkІэ къапщтэмэ).

Районхэр	ПсорикІ яІуар	Абы щыщу комбайнэкІэ
Икон-Халковский	79	72
Черкесский	78	72
Кувинский	58	65
Хабезский	60	65
Кировский	60	52
ПсорикІ	66	73

Октябрым ипэ ихуэу социалистическэ зэхьэзэхуэнигъэм зырагъэубгъур

32

Октябрьскэ Социалистическэ Революция махуэшхуэ къэкІуэнум ипэ ихуэу социалистическэ зэхьэзэхуэнигъэм зырагъэубгъур городым и предприятиехэм. ЛъытІэгъэн зыщІ фабрикэм и лэжьакІуэ тов. Калмыкова и бригадэм август мазэр ехъулІэнигъэ хэлъу иухащ. Октябрым ипэ ихуэу социалистическэ зызыубгъу зэхьэзэхуэнигъэм хыхьауэу мазэ программэр проценти 114 ягъэзэщІащ. Абхуэду нормэм ягъэзащІэкуэдкІэ щІигъуу ягъэзащІэхэр фабрикэм и нэгъуэщІ лэжьакІуэ куэдхэмикІ.

Октябрым ипэ ихуэу зызубгъу социалистическэ зэхьэзэхуэнигъэм хыхьахэщ. Хлебокомбинатым и лэжьакІуэхэр псорикІ. зэхьэзэхуэнигъэ хэлъу лажьэхэкІэрэ август мазэм и планыр щІигъуу я... зэщІащ. Псоми япэ итщ ... цІынэ зыпщ бригадэр. август мазэм и планыр ... зэщІащ проценти 129,7. пхъэфІхэр къагъэлъагъуу лажьэр комсомольскэ ныбж... щІэ бригадэр (бригадирыр Машкова). Мы бригадэм ... стгу мазэм и планыр игъ... щІащ проценти 101,5.

Абхуэдэ къабзу социалистическэ зэхьэзэхуэнигъэм хьахэщ мясокомбинатым ... жьакІуэхэрикІ. Зэхьэзэх... гъэм зырагъэубгъу... хэкІэрэ мясокомбинатым ... мазэм и планыр проценти ... игъэзэщІащ. Обязатель... ящтахэщ илъэс планыр ... блкІэ ягъэзэщІэну ... щІынигъэмкІэ.

Ответ. редактор М. САН...

ЧЕРКЕССКЭ

Государственнэ учительскэ институтым

1944—45 еджэгъуэ илъэсхэм студент ищтэнигъэм щІидзащ

Факультетхэу: **а) урысыбзэмрэ литературэмрэкІэ;** **б) физикэрэ математикэрэкІэ.**

Институтым егъэхьэзырыр курыт еджапІэхэмрэ курыт ... еджапІэхэмрэ я класси 5—7 я егъэджакІуэ. Зэреджэну ... илъэситІщ.

Институтым ящтэхэр: а) 1-рей курсым—курыт еджапІэхэм я класси 9—10 къэзухахэмрэ, абхуэдэ къабзу педучилище, техникум... я курситІ къэзухахэмрэ; б) ІІ-рей курсым (физмат)—педагогическэ... учительскэ институтхэм я физикэ-математическэ факультет... 1-рей курсыр къэзу ахэр.

Институтым щІыхьэхэм, курыт еджапІэхэр отличнэу къэзухахэм ... хъумэ, псомикІ мы къэкІуэну предметхэмкІэ къеупщІхэр:

а) бзэмрэ литературэмкІэ факультетым хыхьэхэм:
1) урысыбзэмкІэ (письменнэу икІи устнэу);
2) литературэмкІэ (устнэу);
3) СССР-м и народхэм я историямкІэ;
4) СССР-м и КонституциямкІэ.

б) Физикэрэ математикэрэ факультетым хыхьэхэм:
1) урысыбзэмкІэ (письменнэу икІи устнэу);
2) математикэмкІэ (письменнэу икІи устнэу);
3) физикэмкІэ (устнэу);
4) СССР-м и КонституциямкІэ.

Институтыр кадрэфІхэмкІэ, кабинетхэмрэ лабораториехэмкІэ ... пэщащ. Институтым иІэщ библиотекэ, общежитие, столовэ.

КъыкІэлъымыхуу еджэ студентхэм псомикІ стипендия иратыр.

Зэрыратъэджэм и пщІэу илъэсым сом 300 атыр.

ПщІэншу ирагъаджэхэр военнэслужащэхэм я быныхэмрэ государственнэ пособие зэратхэм я быныхэмрэ.

Заявлением документхэр щІыгъужу (автобиография кІэщІ, ... гъэу иІэмкІэ документ, военнэ абязанносту щытмэ с ... справкэ, фотокарточки 3)—сентябрым и 1-м нэсыхункІэ ... Ящтэнухэр къайупщІынущ сентябрым и 1-м къыщыщІэдзауэ 20-м нэсыхункІэ.

Занятием щІадзэр октябрым и 1-м.

Институтым и адресыр: г. Черкесск, Горькэм и урам № 32, учительскэ инст...

Дирек...

ЧЕРКЕССКЭ

ПЕДАГОГИЧЕСКЭ УЧИЛИЩЭМ

1944—1945 еджэгъуэ илъэсхэм еджакІуэ ищтэнигъэм щІидзащ

Педучилищэм ящтэхэр:

Курыт еджапІэ иримыкъухэм я классибзыр къэзухахэр. Училищэм щІыхьэхэм къайупщІынущ мы къэкІуэну предметхэмкІэ:

Урыс отделением хыхьэхэм:
а) урысыбзэкІэ (устнэу икІи письменнэу);
б) арифметикэмкІэ (устнэу икІи письменнэу).

Адыгэ отделением хыхьэхэм:
а) урысыбзэмкІэ (устнэу икІи письменнэу);
б) арифметикэмкІэ (устнэу икІи письменнэу);
в) адыгэбзэмкІэ (устнэу икІи письменнэу).

1943—1944 еджэгъуэ илъэсхэм курыт иримыкъу еджапІэхэр „отлично“ оценкэ яІэу къэзухахэр къаймыупщІу ящтэхэр.

Педучилищэм и ІІ-рей классым ищтэхэр курыт еджапІэхэм я [illegible] рей, Х-рей классхэр къэзухахэр.

КъыкІэрымыхуу еджэ псоми стипендия иратыр.

Педучилищэм иІэщ общежитие, столовэ.

Педучилищэм щІыхьэну псоми директорым заявление иратын... къэкІуэну документхэр щІыгъуу: автобиография, щІэныгъэ... ... къыщалъхуа гъэм и справкэ, фотокарточкэ... Заявлениехэр августым и 25-м нэсыхункІэ ящтэхэр. Къэй... ным августым и 20-м щІадзэнущ.

Педучилищэм и адресыр: г. Черкесск, Горькэ урам, 32.

Директор...

Экспедиционнэ къарухэм я верховнэ командованием и штабым къыригъэхь хъыбархэр

ЛОНДОН, сентябрым и 7-м. (ТАСС). Экспедиционнэ къарухэм я верховнэ командованием и штабым къыдигъэкІа хъыбархэм жаІэхэр:

Гент. Куртрэ ди дзэхэм къащтахэщ. Армантьер, Мермиль нэс Лилль деж къыщыщІэдзауэ районыр къэтщтащ. Бронетанковэ частхэр Сент-Омер деж ипэкІэ кІуэтахэщ.

Союзникхэм я дзэхэр Булонь игъунэгъу хъуащ, нэхъапэит частхэм Кале къаухъуреихьащ.

КъуэкІыпІэ лъэныкъ эмкІи абхуэдэ къабзу мэкІуатэхэр.

Авиацияр бийм и зауэ объектхэм теуащ.

ЛОНДОН, сентябрым и 8 м. (ТАСС). Союзникхэм я дзэхэу, Лувэн и ищхэрэ-къуэкІыпІаІуэкІэ наступать зыщІхэр, Бесринген игъунэгъуу Альберт и каналыр зэпащІащ. Сентябрым и 7-м передовой частхэр Бурлеопольд районым нэсахэщ. Союзникхэм я дзэхэм къащтащ Ипр икІи Руле игъуигъунэгъу хъуахэщ. Союзы дзэхэм ирагъэкІуэкІащ зауэ Булонь, Кале къаухъуреихьынигъэмкІэ.

Бельгиям и ипщэ районхэм щызауэ союзнэ дзэхэм къащтахэщ Вавр, Брюссель и ипщэкъуэкІыпІаІуэм деж. Адрей частхэм Юи хуит къащІыжащ. Передовой частхэр нэсахэщ Льеж къухьэпІэ лъэныкъуэмкІэ. Союзникхэм я частхэр зэпырыкІахэщ Мозель, Понт-а Муссон и ищхъэраІуэкІэ, бийр хуабжьу къапэныкъуакъуэкІэрэ.

Сентябрым и 8-м дунейр мыщІагъуу зэрыщытым щхьэкІэ авиацияр щІагъуэ зэуакъым.

Средиземнэморской театрым щекІуэкІ зауэм и дзэ къарухэм я штабым и сообщение

ЛОНДОН, сентябрым и 7-м. (ТАСС). Средиземноморской театрым щекІуэкІ зауэм и дзэ къарухэм я штабым къырагъэхьыр: Италиям, адриатическэ секторым деж зауэ щекІуэкІыу. Флоренция и ищхъэрэ лъэныкъуэмкІэ ипэкІэ мэкІуатэхэр лъэгапІэхэм тетхэурэ. 5-рей армиям и участкэм деж американскэ патрульхэр город Прато дыхьахэщ.

Восточнэ Францием 7-рей армиям и частхэм, отступать зыщІ бийр псынщІу яхужкІэрэ, город заул щІэуэ хуит къащІыжащ. Бийм щІагъуэ зыригъэнэкъым.

Бомбардировщик хьэлъэ соединение ин истребительхэр къахэтыжу дыгъуасэ теуахэщ Балканым деж бийм и объектхэм

ЛОНДОН, сентябрым и 8-м. (ТАСС). Адриатическэ секторым зауэ гуащІэ щ кІуэкІыр, 8 армиям и частхэм бийм и контратакэ куэдым зыздэзэпырагъэгъэзам деж.

Флоренция и ищхъэрэІуэкІэ патрульхэр щозауэхэр. Флоренциям и къухьэпІэІуэкІэ американскэ 5-рей армиям и патрульхэр ипэкІэ кІуэтахэщ Лукка Пуато гъуэгум и ищхъэрэ лъэныкъуэмкІэ.

7-рей армиям и американскэ частхэр, псынщІу ипэкІэ кІуатэхэкІэрэ Восточнэ Францием Безансон нэсахэщ, бийм хуабжьу зыригъэнэкІэрэ, гъуэгухэр зэхуищІыну и угъэу. Французскэ дзэхэм бийм и зигъэнэнигъэр зэпащІри, къащтащ Лонторлье, щвейцарскэ границэм игъунэгъуу.

ИУ 00251 Редакцием и адресыр: г. Черкесск, Дом Советов, комната № 54. Черкесске областым и ...